# Kit Resous pou voye Mesaj nan Tèks nan moman Katastwòf

Kominikasyon kapab limite apre yon katastwòf. Ede simaye pawòl la nan mesaj nan tèks pou asire dènye enfòmasyon yo rive jwenn sivivan yo ki sou teren.

<table>
<tr><th>Graphics</th><th>Text Language</th><th>Translation</th></tr>
<tr>
<td>


</td>
<td>If Ian caused damage to your home or belongings, make sure to document it.<br><br>Take photos before you begin clean up.<br><br>Make a list of damaged or lost items & gather receipts.<br><br>Doing this helps speed up the process with insurance & other assistance programs.<br><br>Learn more about what to expect after you apply: https://www.fema.gov/assistance/individual/after-applying<br><br>Learn more about clean up: www.cdc.gov/mold/cleanup-guide.html</td>
<td>Si Ian te lakòz domaj nan kay ou oswa nan byen pèsonèl ou, sonje pou note domaj yo nan dokiman.<br><br>Fè foto anvan ou kòmanse netwaye.<br><br>Fè yon lis materyèl ki domaje oswa pèdi epi rasanble resi yo.<br><br>Lè ou fè sa ou ede akselere pwosesis la avèk asirans ak lòt pwogram asistans.<br><br>Aprann plis sou sa pou espere apre ou aplike sou sitwèb: https://www.fema.gov/ht/assistance/individual/after-applying<br><br>Aprann plis sou netwayaj sou sitwèb: www.cdc.gov/mold/cleanup-guide.html</td>
</tr>
<tr>
<td>


</td>
<td>If you were affected by Ian, beware of scammers & potential fraud. After a disaster, it is common for people to try to take advantage of survivors.</td>
<td>Si ou te sinistre nan Ian, pran prekosyon avèk mètdam yo ak fwod posib yo. Apre yon katastwòf, li komen pou moun eseye pran avantaj sou sivivan yo.</td>
</tr>
</table>

FEMA

| Graphics | Text Language | Translation |
|---|---|---|
| | Our teams will always have a FEMA ID. FEMA will never ask you for money.<br><br>Report fraud by:<br><br>**Email:** StopFEMAFraud@fema.dhs.gov<br><br>**Call:** 866-223-0814<br><br>Learn more: www.fema.gov/disaster-fraud | Ekip nou yo pral toujou gen yon ID FEMA. FEMA p ap janm mande ou lajan.<br><br>Rapòte fwod nan:<br><br>**Imèl:** StopFEMAFraud@fema.dhs.gov<br><br>**Rele nimewo:** 866-223-0814<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb: www.fema.gov/disaster-fraud |
|  | After a disaster, people who experience displacement, property damage, or other losses may be at risk for distress or other mental health concerns.<br><br>You're not alone: the disaster distress helpline 1-800-985-5990 offers 24/7 emotional support.<br><br>Learn more: www.samhsa.gov | Apre yon katastwòf, moun ki fè eksperyans nan deplasman, moun ki gen domaj nan pwopriyete yo, oswa moun ki fè lòt kalite pèt ka arisk pou gen detrès oswa lòt enkyetid pou sante mantal.<br><br>Ou pa poukont ou liy èd pou detrès akòz katastwòf 1-800-985-5990 ofri sipò siplemantè 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn.<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb: www.samhsa.gov |
|  | **Rumor:** FEMA assistance is only for homeowners.<br><br>**Fact:** This is not true. FEMA assistance is not just for homeowners. FEMA may also provide assistance to help renters who lost personal property or who were displaced<br><br>Learn more: www.fema.gov/fact-sheet/what-kind-assistance-can- | **Rimè:** Asistans FEMA bay la se sèlman pou pwopriyetè kay yo.<br><br>**Reyalite:** Sa pa vrè. Asistans FEMA bay la se pa sèlman pou pwopriyetè kay yo. FEMA  ka bay asistans tou pou ede lokatè ki pèdi byen pèsonèl yo oswa ki te deplase<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb: www.fema.gov/fact-sheet/what-kind-assistance-can-fema-provide-florida-hurricane-survivors |

<table>
<tr><th>Graphics</th><th>Text Language</th><th>Translation</th></tr>
<tr><td></td><td>fema-provide-florida-hurricane-survivors</td><td></td></tr>
<tr><td>
</td><td>There are 3 ways to apply for FEMA disaster assistance.<br><br>The fastest way to apply is online at www.disasterassistance.gov,<br><br>It's available 24/7.<br><br>Learn more: www.fema.gov/assistance/individual</td><td>Gen 3 fason pou aplike pou asistans akòz katastwòf avèk FEMA.<br><br>Fason ki pi rapid la se aplike sou sitwèb www.disasterassistance.gov,<br><br>Li disponib 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn.<br><br>Jwen plis enfòmasyon sou sitwèb: https://www.fema.gov/ht/assistance/individual</td></tr>
<tr><td>
</td><td>FEMA offers info & help in your language if you're recovering from a disaster.<br><br>FEMA Helpline: 800-621-3362<br><br>Press 1 for English<br><br>Press 2 for Spanish<br><br>Press 3 for other languages.<br><br>Relay services are supported.<br><br>Learn more:<br><br>www.fema.gov/assistance/languages</td><td>FEMA ap bay enfòmasyon ak èd nan lang natifnatal ou si w ap relanse ou apre yon katastwòf.<br><br>Liy Èd FEMA: 800-621-3362<br><br>Peze 1 pou lang Anglè<br><br>Peze 2 pou lang Panyòl<br><br>Peze 3 pou lòt lang yo.<br><br>Nou sipòte sèvis relè.<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb:<br><br>https://www.fema.gov/ht/disasters/languages</td></tr>
</table>

| Graphics | Text Language | Translation |
|---|---|---|
|   | If you need assistance locating a missing friend or relative:<br><br>Call the Red Cross: 800-733-2767<br><br>Visit: www.redcross.org/safeandwell<br><br>If you or someone you know need assistance or a safety check in Florida, visit www.missing.fl.gov. | Si ou bezwen asistans pou jwenn yon zanmi oswa yon manm fanmi ou pa wè:<br><br>Rele Lakwa-Wouj: 800-733-2767<br><br>Ale sou sitwèb: www.redcross.org/safeandwell<br><br>Si oumenm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans oswa yon tchèk sekirite nan Florida, ale sou sitwèb www.missing.fl.gov. |
|   | Florida has a FREE disaster legal aid hotline open.<br><br>Call: 1-866-550-2929<br><br>More at: https://flayld.org/disaster-legal-services-hotline/ | Florida gen yon liy èd legal GRATIS ki louvri pou lè gen katastwòf.<br><br>Rele nimewo: 1-866-550-2929<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb: https://flayld.org/disaster-legal-services-hotline/ |
|   | Do not be discouraged if you get a denial letter. Often, FEMA just needs additional information. Here are the top 5 common reasons for a denial.<br><br>Learn more: https://www.fema.gov/assistance/individual/after-applying | Pa dekouraje si ou resevwa yon lèt refi. Souvan, FEMA bezwen enfòmasyon siplemantè. Men 5 rezon prensipal komen pou yon refi.<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb: https://www.fema.gov/ht/assistance/individual/after-applying |
|   | If you were affected by Ian and you need to file a flood insurance claim, contact your insurance carrier by calling the National Flood Insurance Program at 877-336-2627 or visiting www.floodsmart.gov. | Si ou te sinistre nan Ian epi ou bezwen depoze yon reklamasyon nan asirans pou inondasyon, kontakte konpayi asirans ou depi ou rele Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon nan nimewo 877-336-2627 oswa depi ou ale sou sitwèb www.floodsmart.gov. |

| Graphics | Text Language | Translation |
|---|---|---|
|  | Florida: Operation Blue Roof is a FREE service providing homeowners and landlords a fiber-reinforced sheeting to cover your roof until permanent repairs can be made.<br><br>For a list of eligible counties, visit http://BlueRoof.us or call 888-766-3258. | Florida: Operasyon Twati Ble se yon sèvis GRATIS nou bay pwopriyetè kay ak moun ki mete kay yo nan lokasyon; nou mete yon kouvèti ki ranfòse avèk fib sou twati ou jiskaske reparasyon pèmanan yo kapab fèt.<br><br>Pou jwenn yon lis konte kalifye, ale sou sitwèb http://BlueRoof.us oswa rele nimewo 888-766-3258. |
|  | You can submit an appeal if you applied for disaster assistance & disagree with the decision or were denied.<br><br>You may need to submit additional information or supporting documentation for us to continue processing your application.<br><br>Learn more: www.fema.gov/assistance/individual/after-applying/appeals | Ou kapab prezante yon kontestasyon si ou te aplike pou asistans akòz katastwòf epi si ou pa dakò avèk desizyon an oswa si ou te jwenn refi.<br><br>Ou ka bezwen prezante enfòmasyon siplemantè oswa dokiman sipò pou nou kontinye travay sou aplikasyon ou.<br><br>Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb: https://www.fema.gov/ht/assistance/individual/after-applying/appeals |
|  | Disaster Recovery Centers offer in-person assistance. To find a location near you text DRC and your zip code to 43363.<br><br>You can also find center locations by vising  www.fema.gov/DRC. | Sant Sekou pou Katastwòf yo ofri asistans fas-a-fas. Pou jwenn yon adrès toupre ou voye tèks DRC ak kòd postal ou nan 43363.<br><br>Ou kapab jwenn adrès sant yo depi ou ale sou sitwèb www.fema.gov/DRC. |
|  | If you applied for FEMA disaster assistance, stay in touch. Update your contact information.<br><br>A FEMA call may show up on your phone as an unidentified number. It is not a spam call. Please answer it. | Si ou te aplike pou asistans akòz katastwòf avèk FEMA, rete an kontak. Modifye enfòmasyon kontak ou.<br><br>Yon koutfil FEMA ka parèt nan telefòn ou kòm yon nimewo ki pa idantifye. Se pa yon koutfil endezirab. Tanpri reponn li. |

| Graphics | Text Language | Translation |
|---|---|---|
| | If you have questions, call the FEMA Helpline at 800-621-3362. | Si ou gen kesyon, rele ekip Liy Èd FEMA nan nimewo 1- 800-621-3362. |
|  | FEMA assistance is not a replacement for insurance. It may also be available to homeowners and renters.<br><br>Apply for assistance at www.disasterassistance.gov. | Asistans FEMA se pa yon ranplasman pou asirans. Li ka disponib tou pou pwopriyetè kay yo ak lokatè yo.<br><br>Aplike pou asistans lan sou sitwèb www.disasterassistance.gov. |